# САНЛЫ ЭКОНОМИКА ШӘРАЯТЫНДА БАНК АКТИВЛЕРИ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИН АСЫРЫЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Баймуратова Зина Ақылбековна**

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети

E-mail: malibaymuratova@gmail.com

**Аннотация:** Бул тезисде бүгинги санлы экономика шәраятында коммерциялық банклер активлериниң нәтийжелилигин асырыў мәселелери көрип шығылған ҳәмде бирқанша усыныслар келтирилген.

**Гилт сөзлер:** банк активлери, кредит портфели, банк капиталы, финанслық ресурслар

# ISSUES OF INCREASING THE EFFICIENCY OF BANK ASSETS IN THE CONDITIONS OF THE DIGITAL ECONOMY

**Abstract:** This thesis examines the problems of overestimating the effectiveness of commercial banking assets in today's digital economy and makes some recommendations.

**Keywords:** bank assets, loan portfolio, bank capital, financial resources

Бүгинги күнде банк системасын түптен раўажландырыў, онда саламат бәсеки орталығын қәлиплестириў, банк активлери нәтийжелилигин тәмийинлеў, оның ҳуқуқый-нормативлик тийкарларын жетилистириў бойынша бирқанша унамлы ислер әмелге асырылмақта.

Соңғы жылларда Президентимиз тәрепинен бул тараўға айрықша итибәр берилген ҳалда бирнеше пәрман ҳәм қарарлар қабыл етилмекте. Бул бойынша журтбасшымыз тәрепинен 2020-жыл 12-майда ПП-5992-санлы "Өзбекстан банк

системасын реформалаў ҳаққында”ғы пәрман шығарылды. Пәрман менен 2020 2025 жылларға мөлшерленген республиканың банк системасын реформалаў стратегиясы ҳәм оны әмелге асырыў бойынша “Жол картасы” тастыйықланды[109].

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёевтиң 28.01.2022 жылдағы ПП-60-санлы “2022 — 2026 жылларға мөлшерленген жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы ҳаққында”ғы пәрманы қабыл етилип, раўажланыў стратегиясында мәмлекетимизде мәмлекетлик үлеске ийе коммерциялық банклерде трансформация процесслерин тамамлап, 2026-жыл жуўмағына шекем банк активлеринде жеке меншик сектор үлесин 60%ке шекем жеткериў белгилеп қойылған[110].

Коммерциялық банклерде актив операциялар натийжелилигин тәмийинлеў мудами актуал әҳмийетке ийе болып келген. Буған себеп банк активлери натийжелилигин баҳалаў мәселеси банк тәсир шеңберинен тысқары жантасыўды талап етеди.

Бүгинги күнде банк системасының миллий экономика раўажланыўын белгилейтуғын тийкарғы механизмге айланып баратырғанлығы заманагөй банк өнимлериниң қатарында актив әмелиятлардың сапа дәрежесин асырыўды талап етпекте. Бундай шәраятта коммерциялық банклер финанслық жағдайын жақсылаўдың тийкарғы факторлары қатарында натийжели, саламат банк активлери портфелин қәлиплестириў жүдә әҳмийетли.

Өзбекстан Республикасының нызамшылығында "коммерциялық банклер активлери - кредит, микроқарыз, овердрафт, лизинг, факторинг, қымбат баҳалы қағазлар, инвестициялар, басқа банклердеги қаржылар, есапланған процентсиз дәраматлар, банктиң басқа  жеке меншиклери, бөлип-бөлип төлеў формасында сатылған мүлик, баланстан тысқары элементлер (шақырып алынбайтуғын

[109] “2020-2025жылларға мөлшерленген Өзбекстан Республикасы банк системасын реформалаў стратегиясы” Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 12-майдағы ПП-5992-санлы Пәрманына 1-қосымша

[110] Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёевтиң 28.01.2022 жылдағы ПП-60-санлы “2022 — 2026 жылларға мөлшерленген жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы ҳаққында”ғы пәрманы

кредит миннетлемелери, пайдаланылмаған кредит линиялари, аккредитивлер, кепилликлер) ҳәмде есапанған процентлерден тысқары басқа барлық талапларды өз ишине алады", деп келтириледи[111].

Активлер менен байланыслы мунәсибетлердиң әмел қылыўы актив операцияларды жүзеге келтиреди.

Пикиримизше, банк активлери натийжелилигин асырып барыў тек ғана банк системасының емес, бәлки пүткил экономиканы раўажландырыў шеңбериндеги мәселе болып табылады.

Бүгинги күнде Өзбекстан Республикасында 33 коммерциялық банклер искерлик жүритип атырған болып, солардан мәмлекетлик үлеси бар банклер 12 банк, ал қалған 21 банк жеке меншик коммерциялық банклер болып есапланады.

Белгили, банклердиң нәтийжели искерлик жүритиўинде оның капиталының, финанслық ресурларының қәншелли көп болыўы ҳәм физикалық ҳәм юридикалық тәреплерден қанша көп қаржы тарта алыўы тийкарғы орынды ийелейди. Коммерциялық банклердиң активлериниң дурыс жайластырылыўы банк ресурсларының сапасын жақсылаў мүмкиншилигин береди. Егер банк ресурслары жоқары дәрамат келтириўши активлерге жайластырылатуғын болса, онда тартылатуғын ресурларды жоқарырақ процент ставкасында тартыў имкәнияты пайда болады. Егер бул ресурслар узақ мүддетли инвестицияларға жөнелтирилген болса, бул жағдайда банк узақ мүддетке ресурслар тартыў ушын өзиниң депозит сиясатын ислеп шығыўы мақсетке муўапық болады. Өзбекстан Республикасында ис жүритип атырған коммерциялық банклердиң активлери ҳаққындағы мағлыўматларды үйренемиз.

Коммерциялық банклердиң жәми активлери көлеми соңғы жылларда өсиў тенденциясына ийе болып, 2022-жыл 1 апрель ҳалатында 366 154 млрд. сўмды қурады. Төмендеги диаграммада мәмлекетимиздеги коммерциялық банклердиң

---

111 "Коммерциялық банклерде активлер сапасын классификациялаў ҳәм активлер бойынша итимәллы жоғалтыўларды қаплаў ушын резервлер қәлиплестириў ҳәмде олардан пайдаланыў тәртиби ҳаққында"ғы нызам. Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2015-жыл 14-июльда 2696-сан менен дизимге алынған.- Т.:"Өзбекстан Республикасы Нызма ҳүжжетлери топламы", 2015 –жы 20 июль, 28-сан.

жәми активлериниң өзгериўи бойынша мағлыўматларды анализлеймиз (1-диаграмма):

1-диаграмма




**1-диаграмма. Коммерциялық банклердиң жәми активлериниң өзгериўи бойынша МАҒЛЫЎМАТ[112](млрд. сум)**

Диаграмма мағлыўматларына көре, 2020-жыл 1 апрель ҳалатына 278 948 млрд. сўмды қураған, 2021-жыл болса бул көрсеткиш 371 351 млрд. сўм болған. Яғный бир жылда 33%ке өскен. 2022-жылдың усы дәўирине келип бул көрсеткиш 449 501 млрд. сўмға жеткен. Яғный, 2021-жылға салыстырғанда дерлик 22%ке артқан.

Демек, банктиң ресурслары тийкарынан жоқары дәрамат келтириўши активлерге, яғный кредитлерге ҳәм басқа процентли дәраматларға жайластырылғанлығы тийкарғы әҳмийетке ийе. Бул әлбетте өз гезегинде, банктиң дәраматларына өз тәсирин тийгизеди.

Банк активлери натийжелилигиниң экономикалық әҳмийети банклер аралық актив операцияларды халық аралық капитал ҳәм финанс базары коньюнктурасына тәсири менен белгиленеди. Әсиресе, халық арасында банк активлериниң қәдирсизлениўи дунья жүзи экономикасында кризис жағдайын келтирип шығарыўшы факторға айланыў қәўипи жоқары есапланады.

[112] Өзбекстан Республикасы Орайлық банкиниң www.cbu.uz сайты мағлыўматлары тийкарында автор тәрепинен таярланды

Демек, банк активлериниң нәтийжели басқарылыўы банклердиң финанслық турақлылығын беккемлеўге хызмет етеди. Банк активлериниң нәтийжелилигин асырыў бойқнша болса төмендеги усынысларды келтирип өтпекшимиз:

- мәмлекетлик үлеси бар болған банклер активлериниң сапасын өз бетинше баҳалаўдан өткериў ҳәмде соның менен бирге ҳәрекетсиз кредитлерге әмелий көмек бериў арқалы олардың кредит портфеллери сапсын жақсылаў бойынша иләжлар көрилиўи;
- коммерциялық банклердиң финанс ресурсларын мүддетлери бойынша диверсификациялаў;
- активлерге жайластыра алыў имканиятына қарап ресурсларды енгизиў;
- банклердиң дәрамат алыў имканиятларын кеңейтириў мақсетинде мәжбурий резерв талапларын кемейтириў. Мәжбурий резерв талапларының кемейтирилиўи банклердиң өзлеринде көбирек ресурс қалыўға ҳәм дәрамат келтириўши активлерге жайластырыў имкәниятын береди.

Бул илажлар әмелге асырылғанда ҳәзирги санлы экономика шәраятында коммерциялық банклер активлери нәтийжелилиги еледе артқан болар еди.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР: (REFERENCES)**

**1.** "2020-2025жылларға мөлшерленген Өзбекстан Республикасы банк системасын реформалаў стратегиясы" Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 12-майдағы ПП-5992-санлы Пәрманы

2. Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёевтиң 28.01.2022 жылдағы ПП-60-санлы "2022 — 2026 жылларға мөлшерленген жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы ҳаққында"ғы Пәрманы

3. "Коммерциялық банклерде активлер сапасын классифификациялаў ҳәм активлер бойынша итимәллы жоғалтыўларды қаплаў ушын резервлер қәлиплестириў ҳәмде олардан пайдаланыў тәртиби ҳаққында"ғы нызам. Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2015-жыл 14-июльда 2696-сан менен дизимге алынған.-Т.:"Өзбекстан Республикасы Нызам ҳүжжетлери топламы", 2015 –жы 20 июль, 28-сан.

4. Өзбекстан Республикасы Орайлық банкиниң www.cbu.uz сайты